ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИНИҢ ЖИГИРМА ЕКИНШИ СЕССИЯСЫ

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң
Қ А Р А Р Ы

«Майыплығы болған шахслардың ҳуқықлары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының Нызамын ҳәрекетке енгизиў туўралы

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 70-статьясы 2-бәнтине муўапық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси

Қ А Р А Р Е Т Е Д И:

1. «Майыплығы болған шахслардың ҳуқықлары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамы қабыл етилсин.

2. «Майыплығы болған шахслардың ҳуқықлары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамы рәсмий жәрияланған күннен баслап ҳәрекетке енгизилсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси бир ай мүддетте ҳүкимет қарарларын «Майыплығы болған шахслардың ҳуқықлары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамына муўапықластырсын, министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм кәрханалардың усы Нызамға қайшы келетуғын нормативлик актлериниң қайта қарап шығылыўын ҳәм бийкарланыўын тәмийинлесин.

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы **М.Камалов**

Нөкис қаласы, 6-октябрь, 2021-жыл
№ 167/XXII